



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOLONJE DEKRÈ EGZEKITIF IJANS LAN POU
PWOMOUVWA VAKSINASYON PANDAN EPIDEMI GRIP LA AP KONTINYE**

**[Dekrè Egzekitif la](#) Pèmèt Famasyen yo Administre Vaksen kont Grip bay Timoun
ki gen ant 2 zan a 18 an yo; Gouvènè a [Pwopoze Kodifye Dekrè Egzekitif la](#)
pou l vin Lwa**

Gen yon ogmantasyon 9% nan ka lagrip ki konfime nan laboratwa nan tout eta a

***Kantite Moun ki Etèn Diminye a 13% Depi Semèn Pase a; Dezyèm Semèn
Konsekitif kote Kantite yo Diminye***

***Gen 8,468 Nouyòkè ant laj 2 ak 18 an ki resevwa vaksen nan famasi depi dekrè
egzekitif Gouvènè a te sòti a nan dat 25 Janvye***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwolonjman yon [dekrè egzekitif](#) ijans ki pèmèt famasyen yo administre vaksen kont grip yo bay timoun ki gen ant 2 zan a 18 an. Dekrè Egzekitif la gen objektif pou evite grip la pwopaje, l ap ogmante aksè ak fasilite pou fanmi New York k ap chache jwenn vaksen kont grip la yo pandan dyagnostik yo kontinye ap ogmante atravè eta a. Semèn pase a, yo te rapòte kot Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la gen 18,258 ka lagrip ki konfime nan laboratwa, sa ki ankò pi gwo chif nan yon semèn depi rapò yo te kòmanse an 2004. Kantite moun ki te etèn chak semèn yo te diminye pou dezyèm semèn konsekitif depi yo te deklare grip la ap pwopaje an Desanm lan, avèk 2,160 Nouyòkè ki te etèn lopital akòz grip ki konfime nan laboratwa.

“Pandan epidemi grip sa ap kontinye, mwen ap ankouraje Nouyòkè yo ankò pou yo pran tout prekosyon pou lite kont viris sa epi pwoteje tèt yo ak pwòch yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye asire disponibilite ak abòdabilite vaksen kont grip la, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo pwofite de aksè yo pwolonje a pou yo al pran vaksen.”

Dekrè Egzekitif pwolonje a sispann seksyon nan lwa sou edikasyon eta a ki limite otorite famasyen yo pou yo administre ajan iminitè bay kikonk ki gen mwens pase 18 an pou pèmèt yo administre vaksen bay nenpòt moun ki gen laj 2 zan oswa plis. Nou ankouraje paran ak gadyen pou rele famasi anvan vizit yo an, pou asire yo prè pou yo

resevwa pasyan nan gwoup laj sa a. Nou kanmenm ankouraje paran ak gadyen ki gen timoun ki gen laj ant 6 mwa ak 24 mwa pou yo wè founisè swen primè yo a pou vaksen.

Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Cuomo [te anonse yon amandman 30 jou nan bidjè a](#) pou fè moun jwenn vaksen a vin pi fasil ak pi aksesib gras a amandman nan lwa sou edikasyon eta a ki pèmèt famasyen yo administre vaksen kont grip la bay timoun ki gen ant 2 zan a 18 an, epi konsa kodifye Dekrè Egzekitif 176 la. Kom rezilta, lejislasyon sa a pral ankouraje famasi yo pou yo enskri nan [Pwogram Vaksen pou Timoun \(Vaccines for Children, VFC\) New York la](#), k ap bay timoun ak granmoun vaksen kèlkeswa kapasite yo gen pou yo peye. Gouvènè a te mande tou pou doktè endividyèl yo enskri nan pwogram Vaksen pou Timoun nan, si yo poko enskri.

Gouvènè Cuomo te bay Depatman Sante Eta New York la lòd pou li [otorize pi bon ranbousman](#) pou konte nan tout eta a yo pou plis agrandi efò y ap fè pou ogmante aksè a vaksen kont grip la onivo lokal. Sitwèb Depatman Sante a gen lyen a [depatman sante lokal yo](#), k ap ofri Nouyòkè yo ak yon apwòch pou yo fè tout bagay yon sèl kote pou yo jwenn klinik vaksen lokal yo. Depatman Sante a ap pwomouvwa itilizasyon Zouti Kat Sante pou Jwenn Vaksen yo (HealthMap Vaccine Finder) ki idantifye lokalite kote moun ka jwenn vaksen yo nan lòt lokalite Eta New York yo sou <http://www.vaccinefinder.org/>.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te di, “Menm lè mwens Nouyòkè te etène lopital ak grip semèn pase a, Nouyòkè yo dwe kontinye rete vijilan. Gouvènè Cuomo ap pran mezi kouraje pou ede kenbe Nouyòkè yo an sante, ki gen ladan asire moun atravè eta a yo gen aksè a vaksen kont grip ak medikaman antiviral yo. Prevansyon rete meyè fason pou sispann pwopagasyon grip la, alò al pran vaksen si w poko pran l deja, rete lakay ou si w malad, epi asire w pratike bon jan ijyèn lè w lave men w”.

Pou 11 dènye semèn yo, grip lan te epapiye sou plan jewografik atravè New York. Apati 17 Fevriye, yo te rapòte 87,619 ka grip ki konfime nan laboratwa epi 16,578 moun te ospitalize akoz grip nan Eta New York sezon sa. Te gen 5 lanmò pedyatik akoz grip la pandan sezon grip sa a. Deja gen 14,175 timoun ki gen mwens ke senkan yo dyagnostike avèk grip ki konfime nan laboratwa epi gen 1,098 ki te etène lopital.

Pandan sezon grip ane pase an, yo te gen 12,912 ka ospitalizasyon ki an rapò ak grip lan ak ywit lanmò pedyatrik nan New York. Sou kat ane ki sot pase yo, te genyen yon total 25 lanmò pedyatrik akoz grip nan Eta New York, ak yon anviwon 10,571 ka ospitalizasyon ki an rapò ak grip lan nan yon ane.

CDC rekòmande tou pou moun ki malad anpil yo oswa moun ki ap kouri gwo danje pou sibi konplikasyon grip ki grav yo pou yo trete bonè ak medikaman antiviral grip yo. Medikaman antiviral yo travay pi byen lè yo kòmansè itilize yo nan 48 èdtan lè sentòm yo parèt. Depatman Sante a rete konsyan ke kèk lokalite ka pa gen ase nan fòmilasyon espesifik medikaman antiviral grip yo, patikilyèman sispansyon oral oseltamivir la ak konprime jenerik oseltamivir yo, epi l ap kontinye travay ak founisè yo pou asire yo konsyan de tout sous potansyèl medikaman sa yo. Depatman an ap siveye depre apwovizyonman vaksen an tou, epi yo toujou ankouraje rezidan yo pou rele founisè yo davans.

Anplis pou ou pran yon vaksen pou grip lan ak rete lakay ou lè ou malad, li enpòtan pou mete an pratik bon ijyèn pou men yo:

- A diferans de kèk viris, grip lan mouri fasilman lè ou itilize savon ak dlo cho.
- Lave men ou souvan ak savon ak dlo cho pandan omwen 20 segonn pou kapab pwoteje tèt ou kont jèm yo epi evite pwopagasyon yo pami lòt moun yo.
- Pòte sou ou yon dezenfektan pou men ki a baz alkolize pou ou itilize lè savon ak dlo pa disponib. Chwazi yon pwodwi ki gen omwen 60 pousan alkòl.
- Pa touse oswa etènne nan men ou yo. Olye de sa, kouvri bouch ou ak nen ou ak yon mouchwa. Moun ki gen grip yo kontajye pandan jiska 7 jou apre ke sentòm yo kòmanse.

Pou plis enfòmasyon sou grip la, vizite:

www.health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/seasonal

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)